Akaratidza Ushingi Pakuita Zvakarurama

Mirayiridzo: Ita basa iri uri panzvimbo isina zvinokukanganisa. Paunoverenga magwaro, fungidzira uripowo pazvaiitika. Ona zvaiitika mupfungwa dzako. Inzwa manzwi acho. Iva nemanzwiro evanhu vanonyanya kutaurwa. Ngazviite sokuti zviri kutoitika.
Vanonyanya kutaurwa: Bharuki, Jeremiya uye machinda eJudha
Nyaya yacho muchidimbu: Bharuki anonyora zvaanoudzwa naJeremiya obva azviverenga zvinonzwika kumachinda eJudha.

1 FUNGA NEZVENYAYA YACHO.—VERENGA JEREMIYA 36:4-32.

Rondedzera zvaunofunga kuti ndizvo zvaiva zvakaita "imba yokudyira yomunyori, . . . kwakanga kugere machinda ose."

Unofunga kuti Bharuki ainzwa sei paaiverenga zvinonzwika kumachinda zvakanga zvataurwa naJeremiya?

Sezvinotaurwa pavhesi 16-19 unofunga kuti machinda paaitaura naBharuki aitaura neinzwi rakaita sei?

2 DZAMISA PFUNGWA.

Unofunga kuti zvaiva zvakaomera sei Bharuki kunyora kaviri zvaaiudzwa naJeremiya "mubhuku rakaitwa mupumburu." (Zvingangokubatsira: *Verengazve Jeremiya 36:4, 32.*)

Chii chingava chakaita kuti Bharuki azeze kunyora uye kuverenga zvainzwika zvakanga zvaprofitwa naJeremiya? (Verenga Jeremiya 26:8.)

Nemhaka yei Jeremiya aida kuti Bharuki averenge zvainzwika uprofita nepo Jeremiya akanga ava nemakore akawanda achiudza vanhu nezvemashoko acho? (Zvingangokubatsira: *Verengazve Jeremiya 36:7.*)

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 ITA ZVAWADZIDZA.

Nyora zvawadzidza nezve . . .

Kuti nei vanamati vaMwari vachida ushingi?

Kuti Jehovha Mwari anokomborera sei vanhu vanoratidza ushingi pakuita zvakarurama.

4 ZVIBVUNZE KUTI:

Ndepapi pandinoda ushingi hwokuti ndiite zvakarurama?

Pandinonzwa kunyara kana kuti kutya, ndingaitei kuti ndiwane ushingi? (Verenga VaFiripi 4:6, 7.)

Chidzidzo chipi chinokosha chandawana kubva munyaya iyi, uye nei chichikosha?

Zvaungaita: Ita sokunge kuti uri mutori wenhau. Mupfungwa dzako ita sokunge kuti uri kuona vanhu vanobatanidzwa munyaya iyi uyewo vamwe vari kuonawo zvichiitika. Bvunza vanhu ava mibvunzo yakasiyana-siyana.



JW.ORG™

Kopa uye pirinda peji iri pawww.jw.org

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania